



Akò pou Peye Balans (Pay It Off)

(Haitian Creole)

RETOUNEN AKÒ KI SIYEN AN BAY:

OCSS - Pay It Off

PO Box 830, Canal St. Station

New York, NY 10013

Al gade nan nyc.gov/payitoff pou lòt fason pou fè ranbousman. Antre nimewo telefòn/imèl ou:

Dat:

Nimewo Idantifikasyon Dosye a:

Paran ki p ap Viv avèk Timoun nan:

Akò sa a se ant ou menm,

, ak Biwo Sèvis Sipò Timoun

Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration's Office of Child Support Services) nan Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la (NYC Department of Social Services, NYC DSS). Akò sa a rekonèt entansyon ou pou patisipe ak volonte w nan pwogram *Peye Balans* NYC DSS la. Antanke patisipan, ou dakò pou w peye \$500 oswa plis pou aryere sipò pou pitit ou a, ki dwe NYC DSS an pèmanans, soti 2 Mas 2026 ak 13 Mas 2026. Aryere NYC DSS ou yo soti nan yon lòd sipò Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Eta New York ak/oswa Tribinal Siprèm nan yo mete an plas nan Inite Rekouvremant Sipò Timoun nan.

NYC DSS aksepte pèman ki fèt pa mwayen lapòs, Aplikasyon Mobil NYC ACCESS HRA Sipò Timoun, telefòn, ki fèt an pèsòn, oswa sou entènèt. Pou tout pèman ki pa gen rapò ak yon lajan yo sezi nou resevwa nan men w ant 2 Mas 2026 ak 13 Mas 2026 atravè yon chèk sètifye oswa pèsònèl, manda postal, kat kredi, kat debi Visa/MasterCard, oswa PayPal pou aryere DSS NYC ou yo, ki gen yon montan total \$500 oswa plis, NYC DSS ap:

- ☒ Aplike montan pèman (minimòm \$500) sou kont sipò timoun ou an epi fè li koresponn ak dola pou dola (jiskaske ou rive nan montan ou dwe a) pou diminye montan ou dwe NYC DSS la;
- ☒ Si li aplikab, diminye dèt sipò timoun NYC DSS ba ou an yon fason pèmanan jiska de mil senk san dola (\$2,500) anplis, paske ou te enskri tou nan *Pwogram Kredi Aryere a.*; ak
- ☒ Si sa aplikab, elimine enterè jijman lajan ou dwe NYC DSS la paske ou te peye tout manman lajan an. N ap di w alekri konbyen enterè nou te retire.

Mwen dakò NYC DSS kapab aplike nenpòt peman anplis pou peye dèt DSS la sou lòt kont sipò timoun mwen ka genyen.

Dokiman sa a gen ladan tout Akò a ant moun ki konsène yo epi nou ka pa ni modifiye l, ni amande l oswa ni anile li, sof alekri epi avèk siyati moun ki konsène yo oswa sou non yo.

Peman nou kolekte atravè yon konfiskasyon (li gen ladan l konfiskasyon chèk travay ak asirans pou chomaj), sezi, taks ki entèsepte, oswa lòt zouti aplikasyon ki p ap koresponn atravè *Peye Balans*. Peman ki fèt selon akò sa a pa pral retire okenn manda eksepsyonèl poukont yo. Se sèlman yon tribinal ki ka retire yon manda.

Depi ou siyen Akò sa a, ou konprann akò ou dakò yo epi NYC DSS te verifye idantite ou.

Akò yo dwe genyen yon kopi pyès idantite ak foto valab ki akonpanye yo ke gouvènman bay.

Paran ki p ap Viv avèk timoun nan

Reprezantan Otorize NYC DSS

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou fè sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA)? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab mande ed tou lè w ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite ed sa a dapre lalwa.